*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 54 (25540)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2022 азы 31 мартъи — тæргæйтты мæйы 31 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФОРУМ *Цæгат Кавказы экономикæ…*

3 АДÆМЫ МОНОН ЦАРД *Чырыстон дин — Ирыстоны*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Армрестлинг*

**Ахсджиаг фембæлд**

## Æмгуыстады бадзырд

**Знон РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн кусæг фембæлд уыд горæт Горькийы автомобилон завод ”Нырыккон транспортон технологитæ”-йы Компаниты къорды минæвæрттимæ. Уыдоны ’хсæн уыдысты Горькийы автомобилон заводы минæвар Цæгат Ирыстоны ГÆБÆРАТЫ Барис, уæйгæнынады хайады директор Максим ГОЛОВНОВ, регионтимæ бастдзинады департаменты директор Дмитрий ЮДИН.**

Æмбырды ма архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Æгъуызарты Мурат**, РЦИ-Аланийы Транспорт æмæ фæндæгты хæдзарады комитеты сæрдар **Солыты Тариэл**, РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**, Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** æмæ иннæтæ.

Куыд зонæм, афтæмæй Горькийы автомобилон завод нымад у нæ бæстæйы рагондæр æмæ егъаудæр автомобилон куыстуæттæй иуыл. Ис ын хъæздыг истори. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг уый уагъта хæстон техникæ æмæ уымæй стыр æвæрæн бахаста Сырх Æфсады Уæлахизмæ.

Техникæйы равдысты архайдтой 15 машинæйы. Се 'ппæт дæр сты нырыккон фæрæзтæй ифтонггонд: тагъд медицинон æххуысы машинæтæ, бинонтæн улæфынæн æппæтфадæтджын автобустæ æмæ къофи уæйгæнæн машинæтæ.

Максим Головнов æмæ Дзанайты Барис бафыстой бадзырд стратегион æмгуыстады тыххæй. Бадзырды нысан у пайдайаг æмæ дæргъвæтин рæстæгмæ æмгуыстад нæ республикæйы транспортон сферæйы рæзтæн. Фидæнмæ сæм цы хъуыдытæ ис, уыдонмæ гæсгæ транспортон инфраструктурæйы рæзт ахъаз уыдзæн коммуналон æмæ социалон, бæлццæттæ æмæ уæзласæн, базарад æмæ туризмы фарстатæ лыг кæныны хъуыддагæн.

Машинæты равдыст æмæ РЦИ-Аланийы Хицауадимæ бадзырд бафыссыны хъуыддаг ацыд Уæрæсейы национ проект "Регионтæ"-йы фæлгæты.

Уыцы проект царды æххæстгонд цæуы 2020 азæй нырмæ.

— Нæ проекты цы уæрæсейаг горæттæ архайынц, уыдоны нымæц азæй-азмæ фылдæрæй-фылдæр кæны. Абон мах бадзырд бафыстам Цæгат Ирыстоны Хицауадимæ. Промышленност æмæ хъæууон хæдзарад гом кæнынц парахат авналæнтæ, цæмæй уæ республикæйы куыстуæттæ сифтонг кæнæм, нырыккон домæнтæн дзуапп чи дæтты, нæ заводы ахæм техникæйæ, — загъта Максим Головнов.





**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**
**Къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Уæрæсейы Хицауады уынаффæйæ**

### Фæдзæхстадон фиддонтæ — медицинон кусджытæн

Коронавирусæй рынчын адæмимæ чи архайы, уыцы медицинон кусджытæн уæлæмхасæн фæдзæхстадон фиддонтæн федералон Хицауад уæлæмхасæн радих кæндзæн 4 миллиард сомы бæрц.

Уый фæдыл уынаффæйыл йæ къух бавæрдта премьер-министр **Михаил Мишустин.**

"Кæд фæстаг рæстæг коронавирусæй рынчынты нымæц зынгæ фæкъаддæр, уæддæр уавæр нырма зæрдæзæгъгæ нæу. Уыцы æууæл хынцгæйæ, Хицауад дарддæр дæр архайдзæн медицинон кусджытæн уæлæмхасæн социалон зæрдæдарæнтæ кæныныл", — фидаргонд уынаффæйы фæдыл ныхас кæнгæйæ, загъта Михаил Мишустин.

**Нæ уацхæссæг**

**Акци**

### "Номарæн дыргъдон"

**Цæгат Ирыстоны Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй дунеон акци ”Номарæн дыргъдон”-ы фæткмæ гæсгæ Рахизфарсы районы Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй рацæуæг Советон Цæдисы Хъæбатырты рухс нæмттæ ссарынæн 8 апрелы ныссаддзысты æнгузы дыууæ мин талайы.**

**Æртæ Хъæбатыры — Плиты Иссæ, Ходы Константин æмæ Бзарты Георги** кæцæй рацыдысты, уый у иунæг ахæм цæгатирыстойнаг хъæу. Ардыгæй фронтмæ ацæуæг дыууæсæдæ фæндзай адæймагæй сæдæ æртын авд нал æрбаздæхтысты хæстæй. Дунеон акци **"Номарæн дыргъдон"-ы хæс у хæсты фæмард** уæвæг алы æфсæддоны ном дæр сæнусон кæнын.



— Ацы акцимæ гæсгæ ныссадзынмæ хъавынц дыууын авд милуан талайы (ома, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыцы советон адæмы нымæцмæ гæсгæ), — загъта амынд ведомствæйы минæвар.

Номарæн талатæ садзыны хъуыддаджы архайдзысты æппæтуæрæсеон æхсæнадон змæлд "Уæлахизы бархионты", Æппæтуæрæсеон адæмон фронты активисттæ, скъоладзаутæ æмæ хъæууы цæрæг адæм.

Ацы аз нæ республикæйы ныссадзынмæ хъавынц алыхуызон бæлæсты 34300 талайы.

**ДЗЫНЫХТЫ Аленæ**

**Политикон уавæр**

## Рæстдзинадæй тыхджындæр ницы ис зæххыл




**Фæстаг мæйы дæргъы Уæрæсейы цы уавæрты цæрын бахъуыд, уымæй йæхи хъахъхъæдта тынг бирæ рæстæг. Хъуыддаг ныртæккæ цæмæ æрцыд, уый онг куыд нæ æрцæуа, уымæн арæзта æппæт мадзæлттæ дæр, ныхас кодта алы бæрзонд трибунæтæй. Фæлæ — нæй, нæ рауад. Хъусæг нæм нæ фæци. Æмæ ныр, стыр хъыгагæн, Украинæйы цæуы хæст. Йæ ныхмæ, уæлдайдæр украинаг адæмы ныхмæ нæ, фæлæ — ныгуылæйнаг дыдзæсгом политикæйы ныхмæ, æппæт дунейæн дæр йæ сабыр фидæныл. Æмæ уыцы хæстæй аиуварсгæнæн, йæ фæрсты рацæуæн никæмæн уал ис, адæймаг фæнды Сыбыры цæра, фæнды Кавказы, кæмфæнды дæр.**

Растдæр зæгъгæйæ, Украинæйы абон цы цаутæ цæуынц, уыдон официалон æвзагыл хонынц хæст нæ, фæлæ хæстон операци. Операци та рог никуы уыд, нæдæр, чи йæ кæны, уыцы дохтырæн, нæдæр рынчынæн. Уæрæсейы бахъуыд "дохтыры" дæсныйад равдисын, нацизмы сау низ кæуыл ахæлиу æмæ националистты къахы бын чи фæци, уыцы "рынчын" Украинæйы йæ мæлæтдзаг низæй цæмæй аирвæзын кæна, йæ адæмы та Киевы нацистон режимæй ссæрибар кæна, уый тыххæй. О, цыфæнды операци дæр у риссаг, æнæ туг ныккалгæйæ йын скæнæн нæй, стыр хъыгагæн, йæ ностæ та дудгæ рыст кæндзысты нырма дзæвгар рæстæджы дæргъы. Фæлæ æнæ уымæй Украинæйæн аирвæзæн нал ис, куыд паддзахад, афтæ ма йæ зæххы цъарыл цæрын кæд фæнды, уæд. Хостæ ам ницыуал баххуыс кæндзысты.

Уæвгæ, ацы "операци" раздæр кæнгæ уыд, Уæрæсе йын æнæуынон кæнын куы райдыдта, æнусты дæргъы иу адæм уæвгæйæ, уырыссæгтæ æмæ украинæгтæ цы историон æнгом тæгтæй баст уыдысты, уыдон официалон Украинæ иу иннæйы фæдыл æнæхатырæй тонын куы райдыдта, уæд. Уæд, чи зоны, æмæ уыцы "операци" абон афтæ уæззау нæ рауадаид, уый бæрц зиантæ æмæ бæллæхтæ дзы не 'рцыдаид, уый бæрц туг нæ ныккалдаид. Фæлæ... Уæрæсе каст æнхъæлмæ. Каст тынг бирæ рæстæг, йæ зæрдæ дардта, хивæндæй раив-баив чи кодта, Киевы уыцы разамындæн йæ сæры зонд кæд бацæуид, зæгъгæ. Фæлæ нæ бацыд... Æмæ, æнхъæлмæ цалынмæ кастыстæм, уæдмæ Америкæ йæ хъузонтимæ Украинæйы зæххыл сарæзта фашистон паддзахад. Нацизм анхъæвзыд украинаг зæххыл, уæлдайдæр йæ ныгуылæйнаг хайыл. Афтæмæй, Украинæ бахауд ныгуылæйнаг геополитикæйы амынæты, æмæ дзы Уæрæсейæн сарæзтой марæн кард. Фæлæ дзæгъæлы афтæ бакодтой. Суанг ма Америкæйæн йæхи зындгонд политик Генри Киссинджер кæддæр загъта: "Нæ нæ хъуыд Уæрæсеимæ нæхи афтæ дарын". Уымæн æмæ, йæ цæргæ бонты нæм знаджы цæстæй кæд кæсы, уæддæр æй тынг хорз зоны, Уæрæсе йæхицæй хъазæнхъул саразын кæй никуы бауадздзæн, æмæ Уæрæсеимæ политикон хъæзтытæ хорзмæ кæй не 'ркæндзысты, уый

Йе скæсæйнаг "хæрзгæнджыты" æххуысæй æмæ сæ ныфсæй официалон Украинæ ныр аст азы дæргъы цагъта Донецк æмæ Луганскы республикæты цæрджыты, æмæ сæ кæронмæ ныццагътаид, куы ничи йæ бахъыгдардтаид, уæд. Стæй уый фæстæ та йæ ных Уæрæсемæ кæй сарæзтаид, уый дызæрдыггаг æппындæр нæу. Украинæйæ НАТО йæхицæн сарæзта полигон, байдзаг æй кодта амæй-ай хуыздæр, амæй-ай нырыккондæр хæцæнгарзæй, афтæмæй нæ бæстæйы арæнтæм, хæстæгдæр нал ис, зæгъгæ, афтæ йæхи æрбайста æмæ Уæрæсейы æдасдзинадæн æртхъирæнтæ кодта.

Сæвзæргæ уавæрæн дарддæр быхсæн нал уыд. Уый фæдыл бæстон ныхас ракодта нæ бæстæйы Президент. Уæрæсейæн æндæр гæнæн нал ныууагътой, æвæстиатæй йæ бахъуыд йæ паддзахадон арæнтæ æмæ нæ бæстæйы цæрæг адæмы æдасдзинад бахъахъхъæнын, уымæ гæсгæ расидт Иугонд Нациты Организацийы 51 статьяйы 7 бындурыл сæрмагонд хæстон операци. Йæ нысантæ сты дыууæ: фыццаг — Украинæйы зæхх америкаг æмæ æндæр фæсарæйнаг хæцæнгарзæй ссыгъдæг кæнын æмæ дыккаг — фашизмы идеятæ сæ сæртæ кæмæн ныззыгъуыммæ кодтой, иу адæм уæвгæйæ, адæмы кæрæдзиуыл ардауыны куыст чи кодта æмæ сабыр цæрджыты туг ныр уал азы дæргъы чи калдта, уыцы неонацисттæй йæ ссыгъдæг кæнын.

Донбассы адæм, сабыр цард цы у, уый раджы ферох кодтой, цардысты æмæ сæ сывæллæтты хъомыл кодтой хæстон уавæрты. Уæззау хæцæнгарзы срæмыгъдытæ ма райхъуыса, иунæг ахæм бон дæр сыл не скодта фæстаг аст азы. Уыцы аст азмæ Донбассы фæмард 14 мин адæймагæй фылдæр, 500 сывæллонæй фылдæр фесты цæфтæ кæнæ та амардысты. Уыдон сты официалон нымæцтæ. Æцæгдзинадæй та сты ноджы фылдæр. Уыцы тугныккалдæн Уæрæсе кæрон куы нæ скодтаид, уæд — ничи. Уымæ гæсгæ фидарæй зæгъæн ис: Уæрæсе хæст нæ райдыдта, фæлæ, Донбассы цæрæг адæмы ныхмæ Украинæйы разамынд цы хæст расидт, уымæн æвæры кæрон.



Мæй рацыд, хæстон операци куы райдыдта, уæдæй. Æмæ бонæй-бонмæ дæр раргом вæййынц украинаг националистты, Бандеройы фæдонты æвирхъау митæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй Украинæ сусæгæй архайдта, ядерон хæцæнгарз æм цæмæй фæзына, ууыл дæр. Разынд сæм, Пентагоны æххуысæй тæссаг низты бактеритимæ алыхуызон иртæстытæ кæм кодтой, сусæг ахæм бактериологон лабораторитæ æртынæй фылдæр. Уым куыст цыд бактериологон æмæ химион хæцæнгарз саразыныл. Уæрæсейаг æфсæддонты къухтæм цы гæххæттытæ бахауд, уыдонмæ гæсгæ рабæрæг, хæстæгдæр рæстæг Украинæ йæхи кæй цæттæ кодта Уæрæсеимæ стыр хыл ракъахынмæ æмæ Хъырыммæ ныббырст саразынмæ.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Фæндагон хæдзарад**

### Ленины уынджы цалцæг

**Ацы бонты фæндагараджытæ бавнæлдтой Дзæуджыхъæуы Ленины уынджы цалцæгмæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта горæты администрацийы Транспорт æмæ фæндагон хæдзарады управленийы минæвар.

"Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй Ленины уынджы цалцæг хъуамæ ахицæн уа дыууæ-æртæ мæйы æмгъуыдмæ", — загъта управленийы кусæг.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, фæндагараджытæ раивдзысты бордюртæ, стæй базилдзысты тротуартæм дæр.

Уымæй уæлдай ма куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы бонты цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц Уалдзыгон, Ватутины уынгты, стæй Черменрæ сосайы.

**Нæ уацхæссæг**

**Арæзтад**

## Стадион иннæ аз байгом уыдзæн

**Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй республикон стадион ”Спартачы” рацарæзт иннæ аз кæронмæ ахæццæ уыдзæн.**



— Объект байгом кæнынмæ хъавынц иннæ азы дыккаг кварталы. Стадионы дыккаг къæпхæн фыццаг къæпхæнæй баивынмæ кæй хъавынц æмæ афтæмæй проектон-хæрдзты гæххæттытæм ивддзинæдтæ кæй бахастой, уыдæттæ нымайгæйæ, объект байгом кæныны æмгъуыд фæстæдæрмæ аргъæвтой (афтæ бакодтой "Уæрæсейы уæлдæр къорды хъæзтытæ аразыны фадаты тыххæй" Уæрæсейы Футболон цæдисы домæнтæм гæсгæ), — загъта ведомствæйы минæвар.

Араздджыты ныхасмæ гæсгæ, объекты трибунæтæ райхæлдтой, стæй йæм рухс бауагътой.

— Ныгуылæйнаг трибунæйы бындурæн дзыхъхъ цæттæ кæнæм, скæсæйнаг трибунæйы æддагон къулты бындуры дзыхъхъы уæгъд бынæттæ та ногæй мæрæй дзаг кæнæм. Объекты арæзтадон цæттæдзинады къæпхæн у æртындæс проценты, — бафтыдта министрады минæвар.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*...хæст хъуамæ æцæг хæст уа...*
*Цæвын хъæуы знаджы.*

*ФÆРНИОН*

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **31 мартъийы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **17-22 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **18-20 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,44 **Хурыскаст** — 05,42 **Хурныгуылд** — 18,26

Валютæйы аргъ **Доллар** — 84,11 ↓ **Евро** — 93,35 ↓

12+

РÆСТДЗИНАД № 54 (25540) 2022 АЗЫ ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙЫ 31 БОН

Форум

# Цæгат Кавказ: цæмæй экономикон размæцыд ма фæкъуыхцы уа

**Горæт Пятигорскы йæ куыст кодта форум "Цæгат Кавказ — 2022: фæсарæйнаг бæстæты экономикон санкцитæ бæстæйы размæцыд цæмæй ма фæкъуыхцы кæной". Æмбырды архайæг цæгатирыстойнаг делегацийæн разамынд лæвæрдта республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Форум арæзт æрцыд Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Минæварады аппараты, УФ-йы Экономикон рæзты министрад æмæ Цæгат Кавказы федералон университеты хъæппæрисæй. Æмбырды архайджытæ уыдзысты хицауады федералон æмæ регионалон оргæнты разамонджытæ, амалхъомады къабазы, банчы структурæтæ æмæ æндæр ведомствæты минæвæрттæ.

Конференцийы пленарон æмбырды архайдтой æмæ раныхас кодтой Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка**, бæстæйы экономикон рæзты министр **Максим Решетников**, Туризмы федералон агентады разамонæг **Дыгъуызты Зæринæ**, УФ-йы хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Андрей Разин,** бæстæйы промышленност æмæ базарады министры хæдивæг **Алексей Беспрозванных**, фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг **Еленæ Мухтиярова**, Æддагонэкономикон банчы сæрдары хæдивæг **Даниил Алгульян**, УФ-йы Æфснайæн банчы Хуссар-Ныгуылæйнаг хайады сæрдар **Евгений Титов**, Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты разамонджытæ.

Юрий Чайка йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй форумæн йæ сæйрагдæр нысан у бæстон æрдзурын, ныгуылæйнаг бæстæты экономикон гæрæнтæ цы фæстиуджытæ расайдзысты æмæ бæстæйы экономикон размæцыды къуыхцытæ ма 'руадзынæн цы уæлæмхасæн мадзæлттыл бакусын хъæуы, ууыл. "Куыд уынæм, афтæмæй ныгуылæйнаг бæстæты фылдæр хай расидтысты Уæрæсейы ныхмæ экономикон гæрæнтæ. Уыцы æууæл фескъуыдта финансон интеграцийы,



куыстадон коопераци æмæ дунеон базарады бæлвырд фæтк, урæд æрцыд нырыккон технологиты зилдух. Ахæм уавæрты нæ сæйрагдæр хæс у Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты экономикон рæзт бахъахъхъæнын, куыстадон архайд фæкъуыхцы кæнын ма бауадзын", — бафиппайдта Президенты минæвар.



Юрий Чайкайы ныхасмæ гæсгæ, 2021 азы федералон зылды экономикæйы къабæзтæ равдыстой рæзты хорз бæрæггæнæнтæ.

Афтæ, куыстадон индексыл бафтыд 5,5 проценты, зæгъæм, хъæууонхæдзарадон продукцийы рæзт рауад 12 процентæй фылдæр. Зынгæ сырæзтысты розницæйы базарады æмæ лæггæдты къабæзты архайды бæрæггæнæнтæ дæр — бафтыд сыл 6 æмæ 16 проценты бæрц. 2022 азы январы экономикон бæрæггæнæнтæ дæр æвзæр нæ рауадысты. Куыд промышленносты, афтæ хъæууон хæдзарад æмæ арæзтады къабæзты дæр рахатæн ис дарддæры рæзты бæрæггæнæнтæ — 2021 азы январимæ абаргæйæ, федералон зылды экономикон хъомысыл бафтыд 10 процентæй фылдæр.

— Сæрмагондæй зæгъын æмбæлы, азæй-азмæ инвестортæ Цæгат Кавказмæ фылдæр æргом кæй здахынц, уый. Зæгъæм, æрмæст 2020-2021 азты федералон зылды субъекттæ инвесторимæ иумæ цы ахсджиаг проекттæ æххæст кæнынмæ бавнæлдтой, уыдонæн сæ иумæйаг аргъ 318 миллиард сомæй фæфылдæр. Афтæмæй, фæстаг дыууæ азы дæргъы инвесторты бавæрæн федералон зылды экономикæмæ фæфылдæр дыууæ хатты, — бафиппайдта Юрий Чайка.

(Кæрон 4 фарсыл)

Цæгат — Хуссар

## Дыууæ æвзарæн хайады — Дзæуджыхъæуы

**Зындгонд куыд у, афтæмæй 2022 азы 10 апрелы уыдзысты Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты радон æвзæрстытæ.**

Уыцы ахсджиаг æхсæнадон-политикон мадзалмæ цæттæ кæныны пъланмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы байгом сты дыууæ æвзарæн хайады.

Хуссар Ирыстоны Центрон æвзарæн къамисы минæвар куыд фехъусын кодта, афтæмæй хайæдтæ æрбынæттон сты Металлургты Культурæйы галуан (Ирыстойнаг уынг, 3) æмæ Фæсивæды республикон галуаны (Леоновы уынг, 2).

Хайæдтæ кусдзысты æвзæрстыты бон райсомы 8 сахатæй изæры 20 сахаты онг.

Уыцы бынæтты схъæлæс кæныны фадат уыдзæн, хуссарирыстойнаг граждæнтæй Цæгат Ирыстоны чи цæры æмæ 18 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уыцы адæмæн.

Республикæйы Центрон æвзарæн къамисы уынаффæйæ президентон æвзæрстыты архайдзысты фондз кандидаты: Бибылты Анатоли, Гаглойты Алан, Мулдарты Гарри, Плиты Алыксандр æмæ Тасойты Дмитри.

*(Информацион агентад "Рес")*

Ахуырад

## Цалцæггæнинаг скъолатæ

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло Ахуырад æмæ наукæйы æмæ Арæзтад æмæ архитектурæйы министрадтæн бахæс кодта бындуронæй сцалцæггæнинаг скъолатæн 1 апрелы æмгъуыдмæ фидыдтытæ сфидар кæнын.**

**Федералон æмвæзадыл лимиттæ фæфылдæр кæныны тыххæй фарста лыг кæнынц. Æппæт скъолатæн фидыдтытæ куы сфидар кæнæм, уæд лимиттæ фæфылдæр кæныны фæндон бахæсдзыстæм. Ахуыры аз кæй нæма фæци, уымæ гæсгæ скъолатæ цалцæг кæнын райдайыны фадат нæй, фæлæ аразджытæм арæзтадон æрмæг балхæныны бар ис, — загъта республикæйы разамонæг.**

**Ацы аз аразджытæ 19 скъолайы сног кæнынмæ хъавынц, 44 ахуыргæнæндоны цалцæггæнæн куыстытæ та иннæ азмæ аргъæвдзысты.**

Нæ уацхæссæг

Æфсымæр æфсымæрæй ныфсджын у

## Олгинскæйæгты æххуыс

**Адæмы 'хсæн иудзинад куы уа, уæд сæ фарн бирæ у. Уый та сбæрæг вæййы, адæймаг зын уавæры куы бахауы, уæд. Украинæйы цæрджытæ ныр бирæ азты цæрынц хæстон уавæрты, уæрмыты бадынц, неофашисттæ сæ марынц — сывæллонæй, хистæрæй. Владимир Путины уынаффæйæ Украинæйы цы хæстон архайд цæуы, уый фæрцы адæм хъуамæ ирвæзт æрцæуой националистты къухæй.**



Тынг бирæ фæсивæд ацыд Ирыстонæй уырдæм. Социалон хызæгты фæрцы мах зонæм æмæ уынæм, куыд фидар æмæ хъæбатырæй æвдисынц сæхи уыцы архайды нæ æфсæддонтæ. Уæдæ нæ гыццыл Ирыстоны фæсивæд иуылдæр иумæ зын сахат кæй æрбалæууыдысты, ууыл дзурæг сты сæ хъуыддæгтæ. 27 мартъийы Олгинскæйы цæрджытæ арвыстой се 'ххуысы хай Донбассмæ. Ахæм фæндон сæвзæрд фæсивæдмæ æмæ йæ бахастой хъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацимæ. Уый амындæй алы сыхы дæр адæм се 'ххуысы хай хастой бæрæг хæдзармæ.

Хуыцаубоны Олгинскæйы хъæуы кувæг лæгтæ æртæ чъирийæ скуывтой фæсивæдæн, бафæдзæхстой æфсæддонты Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау æмæ Ирыстоны зæдтæ æмæ дауджытыл, афтæмæй кувæггæгтимæ арвыстой, цыдæриддæр æрæмбырд кодтой, уыдон: ирон бæгæны, чъиритæ, дæттæ, хойраг, адджинæгтæ, хилдасæнтæ, цъындатæ æмæ афтæ дарддæр. Уыдис дзы сæрмагонд æрвыстæгтæ дæр, ацы хъæуæй йæ хъæбул Украинæйы кæмæн ис, уыцы ныййарджыты фæндонмæ гæсгæ.

Ацы æххуыс цæмæй тагъддæр сæмбæла Украинæйы цæрджытыл, уый тыххæй сæ йæхи машинæйæ аласта Дзгойты Сослан йе 'мбæлттимæ. Олгинскæйы цæрджытæ сæ зæрдæ дарынц, хистæрты куывд фæсивæдыл кæй æрцæудзæн æмæ сæрыстырæй кæй сыздæхдзысты сæ Райгуырæн бæстæмæ, ууыл.

Уыцы æххуыс ныридæгæн йæ бынатыл сæмбæлд.

**САЛХЪАЗАНТЫ Светланæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

## Соса фæндаг срухс кодтой

**Дзæвгар рæстæг поселок "Спутник"-æй Октябрыхъæуы онг Карцайы сосайыл уынг рухсгæнæн цырæгътæ нæ уыд.**



Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй фарон горæтæгты удæнцойдзинад æмæ æдасдзинадæн бакуыстæуыд амынд ран электрон рухсгæнæн цырæгъты бындурон арæзтады проектыл.

— Рухсгæнæн хызæг арæзт кæмæ гæсгæ æрцыд, архайæг фæтк нымайгæйæ, фарста алыг кæнынæн рагацау ахæм проектон гæххæттытыл бакусын бахъуыд. Рухсгæнæн объекты иумæйаг дæргъ у 1600 метры, — зæгъы горæты администрацийы муниципалон программæтæм цæстдарды хайады хицау **Тезиаты Уырызмæг.**

Сосайы кæрæтты фидаргонд æрцыд 55 тыхдæттæг цæджындзы æмæ нырыккон электрон тых фæстауæрцгæнæг цырагъы. Объект электрон тыхæй æфсадынæн сарæзтой уынаффæйады автоматизацигонд системæимæ цæджындзты трансформаторон дæлстанцæ.

**Нæ уацхæссæг**

Сæрмагонд уавæрты

## "Роспотребнадзор"-ы бæрæггæнæнтæ



**Республикæйы коронавирусæй чи фæрынчын, уыцы цæрджыты нымæцыл фæстаг суткæйы дæргъы бафтыд 15 адæймаджы.**

**Ахæм бæрæггæнæнтæ знон фехъусын кодта "Роспотребнадзор"-ы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ.**

**"Коронавирусы низ кæмæ рабæрæг, уыцы цæгатирыстойнæгты нымæцыл фæстаг суткæйы дæргъы бафтыд 15 адæймаджы. Афтæмæй, сæ иумæйаг нымæц ныртæккæ у 40329 адæймаджы", — радзырдта управленийы пресс-службæйы минæвар.**

**Нæ уацхæссæг**

# Рæстдзинадæй тыхджындæр ницы ис зæххыл

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Уæрæсе фидар æмæ тыхджын уа, нæ ныхмæлæууæг фæсарæйнаг бæстæтæй уый никæй фæнды, стæй сæ никуы фæндыд. Афтæ куы нæ уыдаид, уæд Советон Цæдис дæр хæлд не 'рцыдиад. Ныр дæр Америкæ йе 'мцæдисон англосаксойнаг паддзахæдтимæ сфæнд кодта Украинæйы "къухтæй" нæ бæстæ фехалын. Æмæ Уæрæсе уыцы хъысмæтæй хъуыд бахъахъхъæнын, Украинæйы та — нацизмы сау маргæй аирвæзын кæнын.

Уыцы нысантæ сæххæст кæнынил ныртæккæ архайынц Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхтæ. Националистты ныхмæ, ныр та ма сыл барвæндонæй чи бафтыд, фæсарæнтæй æрцæуæг уыцы æххуырсгæ салдæтты ныхмæ хæцгæйæ, уæрæсейаг æфсæддонтæ æвдисынц æнæкæрон хъæбатырдзинад, лæгдзинад æмæ фидар удыхъæд. Уый тыххæй нын æрвылбон хъусын кæнынц телеуынынадæй. Хæстон уавæрты архайын æнцон никуы уыд, фæлæ не 'фсæддонтыл абон цы уæззау уаргъ æвæрд æрцыд, уый, æвæццæгæн, никуыма уыд: сæ къухтæ сты баст, сæ хъарутæ цас амонынц, уый бæрц архайыны бар сын нæй, уымæн æмæ националисттæ сæхи æмбæхсынц сабыр цæрæг адæмы чъылдымы, нæ сæ уадзынц лидзын, уацары сæ исынц, фыдмитæ сын кæнынц, æмæ уымæй террористтæй æппындæр ницæмæй хицæн кæнынц. Сæ хæцæнгæрзтæ æвæрынц, бирæуæладзыгон хæдзæрттæн сæ сæрты, сæ кæртыты, скъолаты, рæвдауæндæтты, суанг ма арæндоны дæр. Горæтты цæрæг сабыр адæмыл æппарынц бомбæтæ. Цы ма уа уымæй æвирхъаудæр?

Уæрæсейаг æфсæддонтæн та сæ размæ æвæрд хæстæн сæ фыццаг æмæ ахсджиагдæр у сабыр цæрæг алы адæймаджы цард дæр бахъахъхъæнын. Уымæ гæсгæ уæрæсейаг æфсæддонтæ архайынц тынг арæхстгай, фæлæ, уыимæ, бæлвырд пъланмæ гæсгæ, æмæ уыцы пълан уæрæсейаг æфсад кæронмæ кæй ахæццæ кæндзæн, уый дызæрдыггаг æппындæр нæу. Махæй та сæ хъæуы æрмæстдæр иунæг хъуыддаг — ныхасæй, удæй, сæрызондæй сæ фарс уæвын, цæмæй æнкъарой, æппæт Уæрæсейы адæм дæр сæ фарс кæй сты, нæ зæрдæтæ семæ кæй сты, уый. Хæстон цауты рæстæг йе 'фсады ныхмæ чи цæуы, уый æмбæстагæн нæ бæззы. Уæдæ



националисттæн æххуыс чи кæны, фæнды ныхасæй, фæнды æхцайæ, уый та йæ Райгуырæн бæстæйыл у политикон æгъдауæй гадзрахатæй цæуæг æмæ знаджы номæй уæлдай æндæр номы аккаг нæу.

Хæст цæуы информацион тыгъдады дæр. Информацион хæстыл нæ ныгуылæйнаг ныхмæлæуджытæ ныридæгæн схардз кодтой иу миллиард сомæй фылдæр. Технологон гæнæнтæ абон афтæ парахат сты, æмæ цыфæнды мæнг хабарæн дæр равдисæн ис, цыма æцæг хабар у, уыцы хуызы. Æмæ сæ æвдисынц æвзæр кинойау. Ахæм мæнг хабæрттæй Интернет ныртæккæ у йе 'дзаг. Интернет дæр ма цас диссаг у, кæд æмæ уыцы мæнг хабæрттæ радзурынц Иугонд Нациты Организациты бæрзонд трибунæйæ, йæ цæсгом сыгъдæг кæмæн нæу, иуæй-иу фæсарæйнаг ахæм политиктæ. Æмæ сæ сайæн митæй æфсæрмы дæр нæ кæнынц. Цыфæнды хæстæн дæр вæййы кæрон, фæлæ информацион хæстæн кæрон нæй. Ныртæккæ алчидæр у дæсны, алчидæр — зондджын. Æмæ кæд афтæ у, уæд хъуамæ зонæм рæстдзинад æмæ мæнгдзинад, раст æмæ зылын кæрæдзийæ хицæн кæнын æмæ информацион æгъдауæй нæ цæсгæмттæ сыгъдæг дарын. Урсæй зæгъын урс, сауæй та сау — уый алкæмæн дæр хъуамæ суа йæ граждайнаг хæс.

Экономикон æгъдауæй хæст пайда иунæг паддзахадæн дæр нæу. Нæ уыдзæн æнцон Уæрæсейæн дæр, æмæ уыцы хъуыддаг, чи зоны, æмæ хуымæтæг адæмы тыхсын кæны алцæмæй тынгдæр. Адæм адæм сты, æмæ сын бамбарæн ис. Фæлæ сæ тыхст дзæгъæлы у. Абон Уæрæсе алыхуызон хойрагæй йæхи фæдарынхъом æххæстæй дæр у, йæ гæнæнтæ та амонынц тынг бирæ. Америкæ æмæ ныгуылæйнаг бæстæтæ фæнд кодтой нæ бæстæ ныссхойын экономикон зындоны. Фæлæ нæ ныхмæ цы санкцитæ расидтысты, уыдон нодджы уæззаудæр цæф ныккодтой, чи сæ расидт, уыцы паддзахæдтæн сæхи экономикæ.

Уыцы уæззау цæфтæн сæ фыццаг ныридæгæн сбæрæг, цæф дæр ма ахæм, æнæ йыл нæ ныхмæ цæуæг фæсарæйнаг паддзахæдтæ ныр дæр ма æххæстæй не 'ууæндынц: знаджы цæстæй нæм чи кæсы, уыцы бæстæтæ уæрæсейаг газæн ныр фиддзысты доллæртæй нæ, фæлæ сомтæй — ахæм у нæ бæстæйы Президент Владимир Путины уынаффæ.

Уæрæсемæ фыццаг хатт санкцитæй не 'ртхъирæн кæнынц, фæлæ 2008 азы дæр, 2014 азы дæр йæ экономикæ бахъахъхъæдта. Зыдта йæ, ныр дæр та афтæ кæй уыдзæн, уый æмæ алцæмæ дæр уыд цæттæ. Историйы дæргъы цы алыхуызон экономикон къуырцдзæвæнтæ æмæ санкцитæ уыд, уыдоны сæрты ахизын Уæрæсейæн йæ бон баци, æмæ афтæмæй равдыста, йæ экономикæ цардхъом кæй у, уый. Нæ бæстæйы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Сергей Лавровы куы бафарстой, санкцитæй уæ экономикæ фехалынæй нæ тæрсут, зæгъгæ, уæд радта ахæм дзуапп: **"Ацы фарста мах афтæ алыг кæндзыстæм, æмæ, нæ экономикæйы, Ныгуылæнæй æппындæр аразгæ куыд ницыуал уа. Уыцы хъуыддаг раджы кæнгæ уыд".**

О, ныртæккæ не 'ппæт дæр цæрæм фыдæвзарæн рæстæджы. Фæлæ уый æххæстæй равдыста, не знаг чи у æмæ, зæгъæм, сербийаг адæмы хуызæн æфсымæрон зæрдæ нæм чи дары, гадзрахатæй цæуæг ныл чи у кæнæ та бахъуаджы нæ фарсмæ балæууынмæ цæттæ чи у, уый.

Уæрæсе æрлæууыд æмæ цæуы зын фæндагыл. Фæлæ йыл кæронмæ æнæацæугæ нæй, уымæн æмæ уый у рæстдзинадмæ хонæг иунæг раст фæндаг. Æмæ ныры онг чи нæма бамбæрста, ахæмтæ ма кæд баззад, уæд уыдон дæр бамбардзысты — æнæ Уæрæсе дунейæн фæцæрæн нæй. Æнæ уырыссаг культурæ, литературæ, музыкæ дунеон культурæйæн уæвæн нæй. **Æппынфæстаг, нæ хъуыстгонд дирижер Гергиты Валери æнæ Мюнхены симфонион оркестрæй кæнæ Миланы театр "Ла-Скала"-йæ тынг дзæбæх дæр фæцæрдзæн, фæлæ уыдон æнæ Гергийы-фыртæй — зынтæй.** Æмæ дæрæнгонд сириаг горæт Пальмирæйы, уый фæстæ та сыгъд Цхинвалы Гергиты Валерийы разамындæй симфонион оркестры зæлтæ куыд айхъуысыдысты, афтæ ацы хатт дæр айхъуысдзысты Донбассы дæр — æмæ уый уыдзæн нæ рæстдзинадыл дзурæг нысан. Рæстдзинадæй тыхджындæр зæххы цъарыл ницы ис.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Цæстдард

## Хъылмайы сусæг æвæрæнтæ

**Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы прокуратурæ 22-аздзыд фæсарæйнаг лæппуйыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Ацы лæппуйы зылын кæнынц Уголовон кодексы 228.1 статьяйы 3 хайы пункттæ "а" æмæ "б"-йы ("Рагацау бафидаугæйæ æмæ информацион-телекоммуникацион хызæг "Интернет"-æй пайда кæнгæйæ, къорд адæймаджы стыр бæрцæй æнæзакъонæй ауæй кодтой наркотикон фæрæз"), стæй 30 статьяйы 3 хайы æмæ 228.1 статьяйы 4 хайы пункт "г"-йы ("Рагацау бафидаугæйæ æмæ информацион-телекоммуникацион хызæг "Интернет"-æй пайда кæнгæйæ, къорд адæймаджы стыр бæрцæй наркотикон фæрæз æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыдысты") амынд фыдракæндтæ саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, барадхъахъхъæнджытæ кæй ном нæма сбæлвырд кодтой, ахæм адæймагимæ архайгæйæ, амынд лæппу стыр бæрцæй райста наркотикон фæрæз "метадон" æмæ йæ наркотиктыл сахуыр уæвæг дзæуджыхъæуккæгтæн сусæг æвæрæнты фæрцы ауæй кæнынмæ бацæттæ кодта. Цалдæр сусæг æвæрæны саразын кæмæн бантыст, пъæлицæйы кусджытæ уыцы фыдгæнæджы æрцахстой. Лæппуйы хæдтулгæйы æмæ рæстæгмæ æххуырст йæ цæрæнуаты чи уыд, уыцы наркотиктæ тæлæтгонд æрцыдысты.

Фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы лæппуйы баурæдтой слестгæнæн ахæстоны.

Фидаргонд зылынгæнæг хатдзæгимæ уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Премьерæ

# Фыдыуæзæг æмæ ныййарæгæй зынаргъдæр хæзнатæ нæй

**Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры алы ног æвæрд спектаклæй фыццаг равдыстæй дæр кæддæриддæр рауайы аивады æцæг бæрæгбон. Национ аивады артдзæсты сфæлдыстадон коллектив алкæддæр йæ спектаклты æвдыста, фыццаджыдæр, нæ фыдæлты удварны хъæздыг культурæ, удыхъæд, æгъдæуттæ, æфсарм æмæ намыс.**

Ахæм хъуыды ис зындгонд фыссæг æмæ драматург Тедеты Георгийы дыууæархайдон драмæ "Уацамонгæ, цирхъ æмæ гутон"-ы. Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны нæ театры уыд ацы спектаклы премьерæ. Сценæйы йæ сæвæрдта театры сæйраг режиссер, УФ-йы сгуыхт артист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Сæбанты Тамерлан. Уацмысы хъуыдыйыл, мах, аивадуарзджыты, тынгдæр бауæндын кæныны нысанимæ пьесæйы ном аивта æмæ йæ схуыдта "Дурджын зæхх".

Дарвазты бинонты хистæр — сылгоймаг-мад Бургалон (РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ Цырыхаты Розæ) хъомыл кодта æртæ фырты Иран, Сæрмæт æмæ Аланы. Сæ сурæтты аивадуарзджытæ федтой РЦИ-Аланийы адæмон артист Къуымæллæггаты Ладемыры, УФ-йы сгуыхт артист Гуыбиаты Хъазыбеджы, æрыгон курдитджын актер Тедеты Сосланы. Алчидæр сæ царды йæ фæндаг ссардта: Иран — партион кусæг, йæ принциптыл фидар чи хæцы, ахæм лæг; Сæрмæт — инæлар, гæрзифтог тыхты йын ис стыр кад; Алан — амалхъом. Се 'ппæтæн дæр сæ цард мыд æмæ царвы ленк кæнæгау, цинвæлыст æмæ райдзаст.

Сæ дзыппы бæркад сæ афтæ æртасын кæны æмæ, суанг цы бинойнæгтæ æрхастой, уыдон сын уынаффæгæнæг систы сæ царды уагæн. Сæхи кæм хуыздæр аирхæфсойы зонд бацард сæ хъуыдыты. Сæ иуæй иннæ рогдæр, сæ бухъцардæй сæ зæрдæтæ, уæрыккау кæмæн кафынц ахæм цардæмбæлттæ сын: Иридæ — артисткæ Дзубиаты Ларисæ, Зæридæ — артисткæ Æлбегаты Ларисæ, Бриджид (францаг чызг, йæ сывæллоны зондæй чи нæма фæхицæн, ахæм сылгоймаг) — артисттæ Туаты Маринæ æмæ Земераты Ольгæ.

Лæппутæй алчидæр йæ царды æмæ дæсныйады афтæ аныгъуылд, æхцайы æмæ кады монц сæ афтæ "фехæлдта", æмæ раст сæ ныййарæг мады дæр айрох кодтой. Фæлæ иуахæмы бирæ азты фæстæ æрбамбырд сты сæ уæзæгмæ, сæ ныййарджытæ сæ хидгуыстæй хæдзар цы быдираг хъæуы сарæзтой, уырдæм.

Сæ райгуырæн къонайы сæ мады не 'рбаййæфтой. Уый уыд, ацы комы сын æвадат ран цы зæронд хæдзар уыд, уым. Йæ бон та быдырмæ рацæуын нæу донивылды аххосæй. Афтæмæй лæппутæ сæ бинойнæгтимæ хæдзары куы æрбалæууыдысты, уæд дзы æрбаййæфтой æнæзонгæ лæппулæг Батрадзы. Йæ фæлгонц ын сарæзтой æрыгон артисттæ Хъуппеты Роберт æмæ Косты Хъазыбег. Уый, Бургалоны уд йæ фырттæм æнхъæлмæ кæсынай куы рафтыд, уæд сфæнд кодта сидзæр сывæллæтты хæдзарæй, йæ къахыл чи ауад, ахæм саби райсын. Æмæ ныр бахъомыл бонзонгæ æмæ куыстуарзагæй, Бургалоны зæрдæйы дзы хъарм æмæ уды арт бацыд, рауад дзы коммæгæс æмæ уæздан кæстæр.

Лæппутæ йæ куы федтой, уæд æй фæрсынц, кæмæй æмæ чи у, уымæй. Мад сын бамбарын кодта, се 'фсымæр кæй у, уый. Бургалонæн хохæй рацæуынæн гæнæн нæма фæци, уымæ гæсгæ йæ фырттыл цин кæны чырæг телефоны бастдзинады фæрцы. Уыдон дæр ыл сæ бинойнæгтимæ узæлынц. Мад, æнкъарæнты рохтыл хæцгæйæ, дардмæ сыл ныхасæй "узæлы". Йæ зæрдæйы арфы маст кæны, йæ фырттæ сæхицæн цардæмбæлттæн рæузондгомау, уазал зæрдæ чызджыты кæй ссардтой, ууыл. Фæлæ карз æмæ тызмæг у йæ ныхас, сæ хъæууон хæдзары сæ цæргæйæ чи баззайдзæн, хохы сын цы зæххы хай æд зæронд хæдзар, уый кæй бар баззайдзæн йæ фырттæй, ууыл.






Ирон æвзагыл Хуыцау æмæ зæдты ном чи ара, æртæ уæливыхæй сæм чи кува, йæ кæстæртæм мадæлон æвзагыл чи дзура, ирон æгъдау чи æххæст кæна, уыдонæн, зæгъы, баззайдзысты хæдзар дæр æмæ зæххы хай дæр. Фæлæ йæ фыртты Иран, Сæрмæт æмæ Аланы уыцы сагъæс нæй. Хъæуы кæнæ хохы сæ цæрынвæнд ничи кæны, афтæмæй Бургалоны цæстмæ сæхи æфсæрмхуыз æмæ узæлгæйæ æвдисынц.

Сæ дарддæры цардыл куыд быцæу ныхас кодтой лæппутæ сæ бинойнæгтимæ, афтæ райхъуыст, хохы дон ноджы тынгдæр раивылд, зæгъгæ, æмæ сæ мады ирвæзын кæнынмæ атындзыдтой Бургалоны хæсгæ лæппу Батрадз æмæ йе 'фсымæртæ. Уыдон æппынфæстаг хохæй сæ бинойнæгтæм фехъусын кодтой, сæ зæронд хæдзар кæй ныккалд, уыцы хабар. Бургалоны хæсгæ фырт Батрадз дæр уыцы бæллæхы фæмард вæййы. Æмæ йын йе 'фсымæртæ сæ бинойнæгтимæ хуызæнæн æгъдау дæр не скодтой.

Æппынфæстаг, быдираг хъæуы цы геологтæ цард, уыдон бамбарын кодтой Аланы бинойнаг Бриджидæн, хохы сын цы зæххы хай ис, уый йæ мой æмæ йæ тиуты хъæуы, æрмæстдæр йæ дæлзæхх алы зынаргъ хæзнатæ кæй ис, уый тыххæй. Алчидæр сæ йæхи уды къоппа æмæ гуылы бын кæй æндзары арт, уый суанг геологты дæр дисы бафтауы. Афтæмæй, се 'ртæ дæр тутт зæрдæ, кæрæф кæй сты, ныййарæг æмæ сæ сæ фыдæлты уæзæг кæй нæ хъæуынц, уыцы мæстаг хъуыды бавæрдтой Бриджиды зонды. Æмæ йæ уый та йæ тиутæн лæгæйлæгмæ "бакъæрц" кодта. Йæ сывæллоны зондахаст ыл уæлахиз кæны, йæ цæстыты раз цы уыны, цы хъуыды кæны, уый уайтæккæ дæр йæ дзыхæй сæппары.

Спектаклы сæйраг архайджытæй иу Бастард — РЦИ-Аланийы адæмон артист Битарты Алыксандр æмæ артист Косты Азæмæт, советон дуджы ахуыргæнæг чи уыд, бакастæй мæллæг, фæлæ дуджы ивддзинæдтæй чи фæзæрдæсаст, ахæм лæг, Дарвазты хæххон хæдзары зæххы хайы сыгъзæрин кæй ис, уый зонгæйæ, Бургалоны фыртты кæрæф зонд æмбаргæйæ, разыны, Бургалонæн йæ фырттæн зæххы хайы фæдыл цы хипайдайы фæндтæ ис, уыдон æнкъарæг.

Спектаклы кæрон сценæйы фæзыны Бургалон. Æмæ фæзæгъы, кæд мæ фырттæй никæй хъæуы йæ уæзæг, йæ райгуырæн хæдзар, уæд æз ссардзынæн, зæгъы, удыхъæдæй æцæг ирон амалхъом лæппуты. Æмæ дурджын зæхх æд быдираг хæдзар уыдонæн ауæй кæндзынæн. Цы æхца мæм дзы, зæгъы, æрхауа, уымæй та сараздзынæн сывæллæтты цæхæрадон æмæ скъола. Кæстæртæ дзы ахуыр кæндзысты ирон æвзаг æмæ фыдæлты æгъдæуттыл. Æмæ сæ фидæны рауайдзæн, сæ райгуырæн зæххыл иузæрдион чи уа, ахæм чызджытæ æмæ лæппутæ.

Йæ ацы ныхас афтæ карст æмæ барстæй, тызмæг, фæлæ сæрыстырæй кæй фæзæгъы, уымæ гæсгæ театрдзау йæ хъуыдыйыл æнæбауæндгæ нæ фæвæййы. Мады сурæт у символикон. Йæ фæрцы ноджы тынгдæр банкъардтам Ирыстоны мадæлтæй бирæты сагъæс. Сæ цот сæ сæхицæй фенæхай кæнынц, райгуырæн уæзæгмæ æмæ мадмæ уарзты æнкъарæн сын айсы зыд æмæ кæрæфы, бæрзонд бынат бацахсыны монц. Фæсарæнты æмæ нæ бæстæйы стыр горæтты сæ цард фервитынц кæйдæр хуымы цыргъ æхснырфы бынаты. Фæлæ æрцæуы рæстæг, хъысмæт æмæ сын цард, ирон æгъдау æмæ æфсарм сæхæдæг карз тæрхон куы рахæссынц. Спектаклы уыцы карз тæрхонгæнæг разынд Бургалон.

Уый маст æмæ сагъæс кодта, удæй куырм фырттæ йын сæ райгуырæн къонайы табуйаг хæзнатæ Уацамонгæ, цирхъ æмæ гутон фæсдуармæ кæй фехстой, ууыл. Фæлæ сæ фæстæмæ сæ раздæры бынаты æрæвæры, уымæй та равдисы, лæг кæм фæнды куы цæра, уæддæр ын йæ фыдыуæзæг, йемæ баст хæзнатæ иуыл табуйагдæр кæй хъуамæ уой, уыцы хъуыды.

Спектакл "Дурджын зæхх"-ы æппæт архайæг актертæ дæр нын нæ размæ ирд æмæ уырнинагæй рахастой, нæ дзыллæйæн абон уæлдай ахсджиагдæр цы хъуамæ уа, фыдыуæзæг, мадæлон æвзаг зонын, уарзын æмæ йæ æнкъарыны, райгуырæн уæзæгæн аргъ, мады хæрзтæ хъæбулæн фидинаг кæй сты, уыцы ахсджиаг æмæ нымаинаг хъуыддæгтæ. Уыцы æнкъарæнтæ æмæ фыдæлты æгъдау йæ къæхты бын чи кæна, йæ ирондзинадыл гадзрахатæй чи цæуа, уыцы мæнгард ницæйæгтæ та кæддæриддæр сæ уæзæгæй дард, кæйдæр æппæрст къæбæртæй, дидитæ æмæ бибитæй сæхи кæй рæвдауынц, æппынфæстаг та сын сæ мæлæты сахат донбадæттæг, сæ цæстытыл хуызæнæн æрхæцæг дæр фылдæр хатт кæй нæ фæвæййы, Тедеты Георгийы иуыл хуыздæр дыууæархайдон драмон уацмыс "Уацамонгæ, цирхъ æмæ гутон" здахы уыцы хъуыдымæ. Æмæ йæ ног хуызы, нырыккон техникон цивилизацийы гæнæнтæ хынцгæйæ, аивадуарзджыты размæ кæй рахастой режиссер æмæ артисттæ, зæрдæйы æнкъарæнтæ кæй бацагайдта, уый бæрæг уыд сæ зæрдиаг къухæмдзæгъд æмæ цинвæлыст æнкъарæнтæй.

Спектакл "Дурджын зæхх"-æн зæрдæагайгæ æмæ æнкъарæнджын музыкæ ныффыста зындгонд композитор Плиты Мурат. Йæ архайджыты уæлæдарæсы фæлгонцгæнæг — Касаты Верæ.

**ГАСАНТЫ Валери**

Цæрæгойты æмбисæндтæ

## Зым — Æфсатийы бар

**Иуахæмы сырдты бардуаг Æфсати æмæ мæргъты Кæрчигуылой фæхъаугъа сты. Сæ быцæу та уыд тæрхъус æмæ зымыл. Тæрхъус быдырмæ адзæгъæл æмæ мæргътимæ æрцард, зым та дзæбидырты фæдыл бафтыд. Зæдтæй алчидæр агуырдта йæхион, фæлæ тæрхъус тар хъæдыл суæлæхох, зым та — дæлвæзтыл.**

**Æфсати æмæ Кæрчигуылойы сæ фыд Хуыцау бафидауын кодта афтæ: тæрхъусы ныууагъта Кæрчигуылойы бар, зымы та — Æфсатийы бар. Уæдæй фæстæмæ зым дзæбидыртимæ цæры уæлвонг хæхты, тæрхъус та — Кæрчигуылойы фосимæ дæлвæзты.**

## Бирæгъы сомытæ — адæймагæн

**Лæг æмæ бирæгъ иумæ фыййау ацыдысты. Лæг фосы хизгæ кодта, бирæгъ та сæ бирæгътæй хъахъхъæдта. Уæд иуахæмы лæджы бахъуыд хъæумæ хъуыддаджы фæдыл æрцæуын. "Ныр цы кæнон, — фос бирæгъы æвджид куыд ныуудзон", — сагъæсы бахауд лæг.**

**— Хъæумæ мæ ныууайын хъæуы, æмæ дыл не 'ууæндын — иунæгæй куы аззайай, уæд фос куы фæцæгъдай, —æргом загъта лæг бирæгъæн.**

**Бирæгъæн хъыг уыд лæджы ныхас, æмæ йын афтæ:**

**— Кæд æз ме 'ууæнк бахæрон, уæд адæмы 'хсæн, дзырд чи радта æмæ йæ дзырд чи фæсайдта, уыйау æгадæй фæцæрон.**

**— Кæд æз ме 'ууæнк бахæрон, уæд йæ усы чи арвыста æмæ йæ фæстæмæ чи 'рбакодта, уыйау адæмы 'хсæн æгадæй фæцæрон.**

**— Кæд æз ме 'ууæнк бахæрон, уæд йæ нуазæн фæстæмæ чи аздахы, уыйау адæмы 'хсæн æгадæй фæцæрон.**

*Бацæттæ сæ кодта ЦГЪОЙТЫ Хазби*

Æлвæст хъуыдытæ

❀❀❀

Кæйдæр маст нæ уыдис æмæ арвмæ дзагъултæ кодта.

❀❀❀

Мыды уидыг астæрынæн цас зонд хъæуы, фæлæ мыдгæсы куыст арвæй ракургæ нæу.

❀❀❀

Сæ низы хатт – искæй фыдгой.

❀❀❀

Лæг цæрæд, æндæр цы нæ хъуыддаг æййафы.

❀❀❀

Йæ сæрæй дуæрттæ чи фæгом кæны, уымæн æппынфæстаг йæхи дуар æхгæдæй баззайы.

❀❀❀

Хæдзармæ иу хаста, хæдзарæй – дыууæ.

❀❀❀

Йæ зондджын куыдзыл чи сыстырзæрдæ уа, уый æдылы у.

❀❀❀

Конд хойрагыл фæстæмæ чи нæ хæцы, уымæн йæ цæрæнбон бирæ.

❀❀❀

Бинонты æвастæй хæдзарæй ницы дæттæн ис.

❀❀❀

Дзырддаг хæдзарæй дæ карк дæр нæ хъæуы.

❀❀❀

Хиуыл фæхæцын дæр æгъдау у. Цыфæнды уавæрты дæр хъуамæ адæймаг йæ монцтæ æмбæхсын фæраза.

*("Рæстдзинад"-ы архивæй)*

Адæмы монон цард

# Чырыстон дин Ирыстоны

## Æртыккаг хай

1100
Аланыстоныл саргъуыды

Чырыстон дин бирæ рæстæг нæ фелдариуæг кодта Ирыстоны. Карталинийы бирæ зæххытæ байсæг Ос-Бæгъатыр ацыд Гуырдзыстонмæ, æмæ æрбынæттон Джеретийы комы цæугæдон Курайы былыл. Фæстæдæр ам фидар сарæзта. Цы аргъуан дзы уыдис, уый хæлæддзæгтæ ныр дæр ма зынынц, æмæ дзурæг сты Ос-Бæгъатыры æгæрон хъаруйыл. (Ирæттæ Гуырдзыстоны куы хицауиуæг кодтой, уыцы рæстæг гуырдзиæгтæ абон дæр хонынц "Особа"). Хъыгагæн, уый сырæзгæ Ирыстоны ныууагъта хъысмæты бар, паддзахдзинады чырыстон дин бахъахъхъæнынил чи бацархайдтаид йæ фæстæ, ахæм лæгтæ кæй нæ ныууагъта, уый тыххæй. Гуырдзиæгтæ ногæй райстой, Ос-Бæгъатыр сæ цы зæххытæ байста, уыдон, æмæ æмгуыппæй ныббырстой астæуккаг Ирыстонмæ. Цæгатæрдыгæй тæтæйраг хантæ кæсгæтты фенкъуысын кодтой хæхтæм, комы дымджыты æрцардысты стыр хъæутæй, æмæ ирæтты хæхтæй ракаст нал уагътой быдырмæ.

Ныр ралæууыд, ирон адæм хæхты цъассыты цæргæйæ, фыдбонтæ куы æвзæрстой æмæ æххормагæй куы мардысты, уыцы рæстæг. Ныййарджытæ сæ сывæллæтты æппæрстой цæугæдæттæм, уæй сæ кодтой цагъарады, сыхаг та сыхагмæ лæбурдта, æмæ фылдæр адæм арæзтой хъахъхъæнæн мæсгуытæ æмæ фидæрттæ. Ахæм рæстæджы уды сыгъдæгдзинадæн уæвæн нæй, æмæ чырыстон дин сæфын райдыдта. Ирыстон ныддихтæ хицæн чысыл къордтыл, алчидæр йæхи æгъдæуттæ, дин кæнынæй цæрын райдыдта.

Чырыстон дины кусджытæ Дыгуры кæй ныууагътой, уый аххосæй кæсгæттæ æмæ сæ сæрхъуызой ханты æлхъывдæй бынæттон адæм пысылмон дин хæлофæй исын райдыдтой. Тæгиаты æмæ Куырттаты кæмтты цæрджытæ дæр куыд нæ стыхстысты тæтæйраг ханты хæстон ныббырстытæй, æмæ сæ хъус адардтой пысылмон дин райсынмæ. Æрмæстдæр ма Уæлладжыры æмæ Туалты кæмтты цæрæг адæм баззадысты чырыстæттæй. Фæлæ уыдонæн дæр, динамонджытæ æмæ аргъуантæ кæй нæ уыд, уыдæтты аххосæй алыхуызон динты дзæгъæл кæнын райдыдтой, уæлдай сын нал уыд динтæй.



Уæды рæстæджы аргъуанты документтæ дæр ныппырх чындæуыд. Историон цыртдзæвæнтæй ницыуал баззад. Чырыстон аргъуантæ та сæ бындурыл хæлд æрцыдысты. Знæгтæ ныппырх кодтой, фехæлдтой аргъуанты къулты æмæ уæлингæнты фыстытæ. Æрмæстдæр ма Нузалы аргъуаны Гореджантæ æмæ Цъæхилты хæдзары хурыскæсæн фарсы баззадысты Дунедарæг Хуыцауы фæлгонцтæ, цæгатæрдыгæй къулыл — Мады-Майрæмы, Михаил Архангелы, Сослан æмæ Соломоны фæлгонцтæ. Хуссайраг къулыл та нывгонд сты Иоанн Креститель, Æфсæддон Уастырджи æмæ Романез. Ос-Бæгъатыры æрвадæлты тыххæй раздæр ам цы фыстытæ уыдис, уыдон та бæлдайæ скъахтæуыд.

Уæдæй фæстæмæ ирæттæ дзæгъæл кæнын райдыдтой, иутæ — пысылмон дины, иннæтæ — муртакдзинады. Чи ма дзы баззад чырыстоны номæй, уыдон та Чырыстийы ахуырад сæмхæццæ кодтой муртакдзинад æмæ пысылмон динимæ. Уымæ гæсгæ, зæронд аргъуанты пырхæнтæн кад кæнгæйæ, уыдонæн уыдысты сыгъдæг бынæттæ, фæлæ сæ хуыдтой сыгъдæг дзуæрттæ.

Чырыстон дины ацы рагон цыртдзæвæнтæм ирæттæ æрæмбырд вæййынц нывонд гал, фыс æмæ æндæр фос аргæвдыны тыххæй. (Ныр дæр ма ацы æгъдау кæнынц чырыстон Гуырдзыстоны дæр). Муртаттаг ирæттæ кад кодтой æрвдзæф бынæттæн, хæххон бæрзæндтæн, лæгæттæн кæнæ иннæтæй чи хицæн кæны, ахæм бынæттæн. Зæгъæм, цыма Хуыцауæн куывтой, афтæ зæрдиагæй куывтой бæлæстæн, дуртæн. Сæхицæн суанг цалдæр дзуары дæр æрхъуыды кодтой. Иу ныхасæй, чырыстон Хуыцаумæ куывдæй ирæтты царды ницы фæдтæ баззад. Фæлæ иуæй-иу дзуæртты нæмттæ нæ ферох сты. Зæгъæм, Георгий Победоносец (Уастырджи), Иоанн Креститель (Фыд Иуан) æмæ æндæртæ.

Сывæллоны райгуырд ныммад цæуы Мады-Майрæмы лæварыл. Фæлæ йæ номыл сæрмагонд куывд нæй. Æрмæст чындзы йæ мойы хæдзармæ æркæны æртыккаг бон æрвадæлты лæппу, чындзы хыз исгæйæ, фæзæгъы: "Мады-Майрæм дын раттæд авд лæппуйы æмæ иу цъæх чызг".

"Сыгъдæг Иоанн Креститель (фуд Иуан) ирæттæм нымад цæуы рæстæджы афон бæрæг кæнынæн. Куыд бæрæгбон, афтæ та йæ ничи кæны, æмæ уымæ кувынил ирæттæ ахуыр дæр не сты. Æрмæст Тæгиатæ августы фæстаг бонты куывдтæ фæкæнынц сыгъдæг Иуаны номыл", — дарддæр загъд ис Гатуты Алексейы æрмæджы.

**Газет "Терские ведомости"**
**1891 аз, № 15**

# Редакцийы фæсныхас

Авторы ацы хъуыдыимæ разы нæу зындгонд нырыккон ахуыргонд-этнограф, историон наукæты доктор Цыбырты Людвиг. Куыд хъуыды кæны, афтæмæй Гатуты Алексей раст зынтæй у, сыгъдæг фыд Иуаны номыл сæрмагонд бæрæгбон Ирыстоны нæ уыд, зæгъгæ, кæй фыссы, æмæ цыма ирæттæ кувгæ дæр нæ кодтой ацы дзуарæн, уыдæтты тыххæй. Алы сæрд Нары (Дыгуры комы) нарты Сосланы ингæн кæм æнхъæлынц, бæрæгбон арæзт цыд Иоанн Крестителы, ома, фыд Иуаны номыл. Уымæй уæлдай, йæ номыл арæзт цыдис ирæтты фæззыгон бæрæгбæттæй иу — Астæуккаг Ирыстоны æмæ Дыгуры. Фыд Иуан у тынг карз дзуар, кувæг адæм ын табу кодтой, куыд Уациллайы, Хорæлдары, Бурхорамийы æмæ Галæгоны хуызæн, цæмæй сын радтаиккой хъæздыг тыллæг. Уыимæ, фыд Иуанимæ баст сты хуры зæдты миниуджытæ дæр".

Хуыцауы хуызæн ирæттæм кадджын у Уастырджи дæр. Йæ номыл ис бирæ кувæндæттæ, ома, дзуæрттæ. Сыгъдæг Уастырджийы кадæн арæзт зæронд аргъуанты хæлæддзæгтæ ирæттæн сты уæлдай сыгъдæгдæр. Йæ ном зæгъгæйæ, алчидæр йæ худ сисы. Адæм ыл скодтой дины бирæ зарджытæ. Сыгъдæг Уастырджи залиаг калмы даргъ арцæй кæм мары, уыцы уазныв та ирæттæм иннæтæй уæлдай хуыздæр кæсы.




Нæлгоймæгты бардуаг Уастырджийы хуызæн ирæттæ стыр кад кæнынц пехуымпар Елийæн дæр. Уымæн æмæ Мыкалгабыртæ Габр æмæ Михалæй ирæттæ фæкурынц зæххон бæркæдтæ. Сыгъдæг Ныкколайæн фылдæр кувынц Дыгуры, æмæ дзы æппæлыны тыххæй фæзарынц дины зарджытæ. Æппæт дины зарджыты мидис та ирæттæм у иухуызон. Зарæджы сыгъдæг Уастырджи у "сыгъзæрин" æмæ ма йæм æфтыд æрцæуы: "Фæндаггоны бардуаг, хæхты бæрзæндтæй рафæлгæс æмæ, дæуæй хорздзинæдтæ чи куры, уыцы адæмæн баххуыс кæн. Сыгъзæрин, бæрзонд Уастырджи, Хуыцауæй нын хорздзинæдтæ ракур. Урс бæхыл бадыс, æмæ æдзухдæр нæ рахизфæрсты куыд цæуай, уыцы ахъаз бакæн".

Ирон дины зарджыты Мыкалгабыртæ Михаил æмæ Габр сты бæркаддæтджытæ. Адон адæм æфсадынц хорæй. Сыгъдæг Мады-Майрæмы та хонынц æрыгон сылгоймæгтæ æмæ чызджыты бардуаг. Тутыры номыл æмæ уый мысынæн сыгъдæг стыр Комдарæны ирæттæ фыццаг æртæ боны æппындæр хæргæ нæ кодтой. Уымæй уæлдай, ацы бæрæгбоны рæстæгиу чи амард, уыдоны нæ ныгæдтой, знæгтæй та канд сæ маст нæ истой, фæлæ ма-иу, Хуыцауы ном мысгæйæ, сæ туджджынты дæр суазæг кодтой.

(Кæрон 4 фарсыл)

Спортивон фидиуæг



Армрестлинг

# Хæрзиуджыты хъæздыг хуын Бетъырбухæй

**Армрестлингæй Уæрæсейы чемпионат ивгъуыд къуыри уыд Бетъырбухы. Ерыстæ цыдысты нæлгоймæгтæ, сылгоймæгтæ æмæ ветеранты 'хсæн.**

Æмткæй райсгæйæ, Цæгат Ирыстоны спортсменты командæ бацахста 1-аг бынат. Нæ цæнгдых нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ рамбылдтой æппæты фылдæр хæрзиуджытæ.

Сылгоймæгты ерысты, дыууæ къухæй хæцгæйæ, сыгъзæрин майдантæй хорзæхджынгонд систы: **Байаты Миланæ** (60 кг онг уæзы), **Хортиты Оксанæ** (65 кг), **Хъайырты Мæдинæ** (+80 кг). Хицæн къухтæй хæцгæйæ, Байаты Миланæ 1-аг бынат бацахста рахиз къухæй, галиу къухæй та рацыд 2-аг бынатмæ. Хортиты Оксанæ 1-аг бынæттæ бацахста рахиз æмæ галиу къухтæй. Афтæ, дыууæ къухæй дæр 1-аг бынæттæм рацыд Хъаирты Мæдинæ дæр. 70 кг онг уæзы галиу къухæй сыгъзæрин майданæй хорзæхджынгонд ссис **Дзуццаты Елизаветæ**, дыууæ къухæй иумæ нымайгæйæ та, рамбылдта æвзист майдан.

Нæлгоймæгты ерысты иттæг сæрæн хæст ракодтой: **Церекаты Раман** (60 кг онг уæзы), **Фæрниаты Егор** (70 кг), **Золойты Алан** (75 кг). Æртæйæ дæр 1-аг бынæттæ бацахстой, дыууæ къухæй хæцгæйæ. Умæй уæлдай ма, Раман æмæ Алан сыгъзæрин майдантæй хорзæхджынгонд систы, рахиз æмæ галиу къухæй хицæнæй хæцгæйæ. Фæрниаты Егор 1-аг уыдис рахиз къухæй ерысты, 2-аг бынатмæ та рацыд, галиу къухæй хæцгæйæ.

Сыгъзæрин майдантæ ма рамбылдтой: **Дыгуры Сæрмæт** (80 кг онг уæзы, рахиз къухæй), **Таутиаты Георги** (85 кг онг уæзы — рахиз къухæй), **Золойты Хадзымурат** (90 кг — рахиз къухæй).




Чемпионаты ма ерыстæ цыдысты ветеранты 'хсæн дæр. Ирыстонæй дзы архайдтой зындгонд спортсмен, Уæрæсейы сгуыхт тренер **Золойты Мæирбег** (100 кг онг уæзы) æмæ дунейы раздæры чемпион **Хуадонты Артур** (+ 100 кг). Сæ дыууæ дæр 1-аг бынæттæ рамбылдтой, куыд рахиз, афтæ галиу къухæй хæцгæйæ дæр.

Афтæмæй, æмткæй райсгæйæ, ирыстойнаг цæнгдыхтæн бантыст 35 сыгъзæрин майданы рамбулын. Умæй уæлдай, æвзист майдантæй хорзæхджынгонд систы: Таутиаты Георги (85 кг — дыууæ къухæй), Дзуццаты Елизаветæ (70 кг — дыууæ къухæй), **Хуыбаты Ирбег** (65 кг — галиу къухæй), Фæрниаты Егор (70 кг — галиу къухæй), **Касаты Тамерлан** (75 кг — галиу къухæй), Байаты Миланæ (60 кг — галиу къухæй).

3-аг бынæттæ æмæ бронзæ майдантæ рамбылдтой: Хуыбаты Ирбег (65 кг — дыууæ къухæй), **Касаты Тамерлан** (75 кг — дыууæ къухæй), Дыгуры Сæрмæт (80 кг — дыууæ къухæй), Золойты Хадзымурат (90 кг — дыууæ къухæй), **Гаглойты Тамерлан** (75 кг — галиу къухæй), **Хъазиты Гочæ** (110 кг — галиу къухæй).

Æдæппæтæй Ирыстоны минæвæртты хуыны æрæмбырд 49 хæрзиуæджы, æмæ нæ командæ бацахста 1-аг бынат.

РЦИ-Аланыстоны армрестлинджы федерацийы президент **Цъæхилты Таймураз** зæрдиаг арфæ ракодта спортсментæ æмæ сæ бацæттæгæнæг тренертæн æмæ ма йæ ныхасы бахахх кодта: "Хъыгагæн, нырттæккæ цы политикон уавæртæ сæвзæрд, уый аххосæй Уæрæсейы спортсментæ цухгонд цæуынц дунеон ерыстæй. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ размæ æвæры цæлхдуртæ, фæлæ нæ ныфс нæ сæтты æмæ архайдзыстæм нæ спортсментæн æндæр ерыстæ аразыныл.

Сæ иу уыдзæн ССР-ы Цæдисы спорты сгуыхт мастер Еналдыты Аслæнбеджы номарæн турнир. Кæд ацæудзæн, уый бæрæг уыдзæн чысыл фæстæдæр".

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Ахуырад

# Скъоладзауты конкурс

**Дзæуджыхъæуы центр "Сæуæхсид"-ы чи ацыд, æппæтуæрæсеон конкурс "Удæгас классикæ"-йы уыцы регионалон хайы раззаг бынæттæ бацахсæг адæмы нæмттæ рабæрæг сты.**

Дыгуры районы Сывæллæтты сфæлдыстады хæдзары ахуырдзау **Елойты Дианæ** конкурсы фæуæлахиз, дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ та дзы бацахстой Дзæуджыхъæуы 25-æм скъолайы æмæ Беслæны И. Каниди́йы номыл скъола-интернаты ахуырдзаутæ **Бичегкуты Идæ** æмæ **Мæргъиты Эльмирæ**.

Умæй уæлдай, конкурсы хатдзæгтæм гæсгæ рабæрæг сты лауреаттæ: **Аслæмырзаты Батрадз, Аннæ Чениб, Гуыбаты Дзерассæ, Зæгъойты Сæрмæт, Дзарасаты Камиллæ, Калоты Сарæ** æмæ **Меланья Герасименко.**

Конкурсы регионалон хайы архайдтой республикæйы æппæт районтæй 5 — 11-æм кълæсты 28 скъоладзауы. Конкурсантты архайдæн аргъ чи кодта, уыцы дæсны жюрийы сæргъы уыд педагогон наукæты кандидат, дзырды культурæйы специалист **Надеждæ Воробьева.**

— Адæймаджы зонды рæзтæн ахъазгæнæн чингуытæ кæд бакæсæм, уæд нæ зонындзинæдтыл бафтдзæн. Чиныг нæ цардæй фæиппæрд кæнæн нæй. Чингуытæ чи уарзы æмæ сæ чи кæсы, æппæт уыцы ахуыргæнджытæ, зондамонджытæ æмæ ахуырдзаутæн — бузныг, — загъта Надеждæ Воробьева.

Хъырымаг горæт Ялтæйы æрбынæттон уæвæг сывæллæтты дунеон центр "Артек"-ы чи ацæудзæн, конкурсы регионалон хайы уæлахиздзаутæ архайдзысты уыцы æппæтуæрæсеон кæронбæттæн ерысты.

Фонд "Удæгас классикæ" у æппæтуæрæсеон конкурсы бындурæвæрæг, конкурсы регионалон хайæн та фадæттæ саразта Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрад.

Конкурс аразынц чингуытæ кæсынмæ скъоладзауты сразæнгард кæнынæн æмæ сын сæ зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнынæн.

**ГÆЛÆУТЫ Наталья**

Номарæн

# Хорзы фæд нæ сæфы

Баззайы бинонты, хиуæтты, сыхбæсты, æмгæртты, зонгæты зæрдæты. Æмæ, цас адæймаг сыгъдæгзæрдæ, æгъдауджын æмæ æмгарджындæр вæййы, уыйас йæ ном æмæ кад адæмы зæрдæты фылдæр фæцæрынц. Дыууиссæдз азы нæ сыхбæсты кад æмæ радимæ фæцард быдырыдæргъæвсаг Фидараты Валери. Хæст йæ сабидугыл уæззау фæд кæмæн ныууагъта, фыды рæвдыдæй æнæхай кæй фæкодта, ахæм сывæллонæй хъомыл кодта.

Уыд ахуырмæ рæвдз, куыстмæ æнæзивæг. Йе 'фсымæртæ Зауырбег æмæ Майрæм, йæ хо Дзерассæимæ сæ мад Ненуцайы зæрдæхудты никуы бацыдысты, никуы йæ фæкъæмдзæстыг кодтой, архайдтой йын йæ фæллад къухты рыст фæроггдæр кæныныл, архайдтой æмгæртты 'хсæн риуæмбæрц цæуыныл. Фыды рон дыууæ дыдагъæй дæр стыр кæмæн уыд, уыцы лæппутæ сæрды фæлладуадзæн бонты дысвæлдæхтæй куыстой колхозон быдырты.

Рæстæг, æвæдза, тагъд тæхы. Валери, скъола каст фæуыны фæстæ, ахуыр кæнынмæ бацыд арæзтадон техникуммæ, фæлæ йæ уырдыгæй акодтой æфсадмæ. Йæ службæ ахицæн кодта æмæ æртæ азы фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта техникумы.

Цы ис аразæджы дæсныйадæй рагондæр æмæ бæллиццагдæр! Æмæ Ненуцайы кæстæр лæппу дæр, аразæджы диплом райсгæйæ, æрлæууыд царды ног фæндагыл. Мастерæй йæ кусынмæ райстой Дзæуджыхъæуы Ленины районы фыццæгæм цалцæггæнæнарæзтадон управленимæ. Чысыл фæстæдæр та йæ уыцы управленийы сæвæрдтой прорабæй фыццæгæм хайады. Йæ куыст хорз кæй зыдта æмæ разамынд дæттынмæ хорз кæй арæхст, уый тыххæй йæ цалдæр мæйы фæстæ снысан кодтой фыццæгæм хайады сæргълæууæгæй. Абон горæты уынгты æрзил, уæд дзы иу æмæ дыууæ бæстыхайы нæ разындзæн, Валерийы разамындæй хайады кусджытæ кæм нæ архайдтой, ахæмтæ. Йæ къухты хъарм, йæ уды фыдæбон нæ бавгъау кодта Сунитты мæзджытæн, Уырыссаг театрæн, цалдæр рæвдауæндонæн, республикæйы рынчындонæн, ног хæдзæртты арæзтадæн æмæ зæронд бæстыхæйттæ цалцæг кæнынæн. Йæ гыццылæй фæстæмæ, фыдæбон кæныныл чи сахуыр, уый йæ сæрмæ никуы 'рхаста, исчи йын йе'рмдзæфмæ фау æрхæсса. Фыццæгæм арæзтадон управленийы йæ хайад кæддæриддæр



ахста раззагдæр бынат. Куыд управленийы, афтæ йын Ленины районы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады управленийы разамынд бирæ хæттыты саккаг кодтой Кады грамотæтæ æмæ æхцайы премитæ. Социалистон ерысы хорз бæрæггæнæнтæ кæй равдыста, уый тыххæй УФ-йы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады разамындæй райста "Фондзазоны хъазуатон"-ы риуылдаргæ нысан. Йæ хъæппæрисджын æмæ фæзминаг куысты тыххæй, хаст æрцыд нæ республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады Кады фæйнæгмæ. Уæдæ, цалынмæ Валери хайады сæргълæууæг уыд, уæдмæ Сырх Тырыса иннæ хайæдтæй никæмæ æруагъта. Йæ бацæуынæй, суанг пенсимæ рацæуыны онг, Валери æнæхин æмæ зæрдиаг куыст фæкодта цалцæггæнæн-арæзтадон управленийы. Æмæ уый канд куысты нæ уыд фæзминаг, æгъдауджын æмæ нæртон хистæр уыд сыхбæсты. Йæ руаджы нæ кæрты арæзт æрцыд, куывдтæ, чындзæхсæвтæ, зианы кæндтытæ кæм фæкæнæм, ахæм хæдзар. Уый æрбамбырд кодта фæсивæды æмæ сын, разамынд дæтгæйæ, æмæ семæ уæхски-уæхск кусгæйæ, уыцы бæстыхайы арæзтад кæронмæ ахæццæ кодтой. Уæдæ-иу, искæмæ кæм уынаффæйы, кæм та æндæр хъуыддаджы фæкæсын куы хъуыд, уæд йæхи никуы никæуыл атигъ кодта, кæддæриддæр баххуысмæ уыд рæвдз, бахъуаджы рæстæг сыхаджы фарсмæ.

Уырыссаг æмбисонд зæгъы: "Де 'мбал чи у, уый мын зæгъ æмæ ды чи дæ, уый дын зæгъдзынæн". Æмæ Валерийæн йе 'мбæлттæ дæр йæхи хуызæн сæрæнгуырдтæ уыдысты, кæрæдзийæн фидар цæджындзтæ æмæ фидар ныфс.

Ныр афæдз рацыд, Валери не 'хсæн куы нал ис, уымæй. Зæххы Къорийыл æвзæр рынау цы низ апырх, уый йын йæ цæрæн бонтæ фæкъаддæр кодта. Сыхæгтæн та нæ фаг кæнынц йæ мидбылхудт, йæ хъазæн æмæ зæрдæлхæнæн ныхæстæ. Нал ис не 'хсæн Валери, зæрдæты та цæргæйæ баззад. А зæххыл цы фæд ныууагъта, уый та сæфын нæ уадзынц йæ бинойнаг Зоя æмæ йе 'ртæ чызджы: Альбинæ, Маринæ æмæ Мæдинæ. Йæ ном, кад æмæ фарн хæссынц дарддæр кæстæртæм æмæ æхсæнадмæ.

**ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæ**

**Фидараты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Фидараты Хадзыбечыры фырт Валерийы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы сыхбæстæ æмæ æрцæуæг дзыллæйæн æмæ хъусын кæнынц, йæ афæдзы кæнд кæй уыдзæн 2 апрелы, сабаты, Дзæуджыхъæуы, Гвардионты уынджы 43-æм хæдзары.**

Ахсджиаг ныхас

# Фембæлд библиотекæйы

**Æрæджы РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæйы Философон клуб саразта фембæлд. Ныхас цыд хæст æмæ сæрибардзинады фарстатыл ныры историйы Уæрæсе æмæ Хурныгуылæны 'хсæн.**

Фембæлды архайджытæ уыдысты философон наукæты доктор, философон наукæты кафедрæйы доцент **Цорæты Зауырбег**, библиотекæйы кусæг **Герман Кулаков**, суфизм иртасæг **Бадиаты Артур**, психологон наукæты кандидат **Солтанты Зæринæ**, æфсæддон эксперт, запасы афицер **Сергей Георгадзе** æмæ иннæтæ.

Дзырдтой, Украинæйы цы сæрмагонд хæстон операци цæуы, уый тыххæй, æмæ дзы кæй архайынц Ирыстон æмæ Уæрæсейы иннæ регионтæй хæстонтæ. Куыд ныхас кодтой, афтæмæй хæст ракъахæг у Хурныгуылæн, æмæ сæвзæргæ фарста алкæддæр уыд ахсджиаг.

— Утæппæт æрдзон фæрæзты хицау Уæрæсе кæй у, Хурныгуылæйнаг бæстæйæн уый йæ зæрдæмæ нæ цæуы, — загъта Сергей Георгадзе.

Сергей радзырдта, Уæрæсе кæй архайы æмæ тырны адæмы сæрибардзинад æмæ æдасдзинад бахъахъхъæнынмæ. Ныхас цыд гуманитарон æххуысил дæр, уæрæсейаг æфсæддонтæ, хуымæтæг адæм Украинæйы цæрджыты рохуаты кæй нæ уадзынц, ууыл. Æмбырды архайджытæ иухуызонæй загътой, нæ Президент Владимир Путины фарс кæй сты, уый.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

# Чырыстон дин Ирыстоны

**(Райдайæн 3 фарсыл)**

Умæй уæлдай, ацы автор Гатуты Алексей чырыстон дины бæрæгбæттæ иу ран дæр не 'рхаста ирон æвзагыл. Умæ гæсгæ ацы хъуагдзинад баххæст кæныны монцæн этнограф Цыбырты Людвиг йæ рецензийы æрхаста чырыстон динæй æрбайсгæ бæрæгбæтты нæмттæ ирон æвзагыл. Уыдон сты: Ныккола (св. Николай), Тутыр (св. Федор Тирон), Басилтæ (св. Василий Великий), Мады-Майрæм (св. Мария Богородица), Мыкалгабыртæ (Архангелы — Михаил и Гавриил), Уацилла (св. Илья), Куадзæн (Пасха), Зæрдæвæрæн (Вознесение), Кæрдæгхæссæн (Троица), Майрæмы куадзæн (Успение Пресвятой Богородицы), Цыппурс (Рождество Христово) æмæ æндæртæ.

Æппæт ацы кувæн бонтæ бæрæггонд цæуынц, куыд бæрæгбæттæ, фæлæ алы хатт дæр, гуырдзиæгтæм куыд у, афтæ зæрдыл æрлæууын кæнын фæхъæуы, чи амард, уыдоны рухс нæмттæ. Иу хъуыддаг та ахæм ис, æмæ махмæ раздæр ахуыргонд сауджынтæ нæ уыд. Ирон, уырыссаг, гуырдзиаг динамонджытæ та нæ зыдтой ирæтты чырыстон дины æцæгдзинæдтыл сахуыр кæнын. Бæрæгбæтты æмæ иуæй-иу зæдты нæмттæ ранымайынæй уæлдай ницæмæ арæхстысты. Умæн æмæ гуырдзиæгтæ, куыд чырыстæттæ, афтæ сæхæдæг дæр ныронг цух не сты мæнгуырныдзинæдтæй. Зæгъæм, куыд бамбарæн ис иу кæнæ иннæ зæды номыл, галтæ кæнæ фыстæ æргæвдгæйæ, уыцы рæстæг Хуыцауæй, мæрдты уæвæг æфсымæртæ æмæ фыдæлтæй курынц, цæмæй сын сæ тæригъæдтæ ныххатыр кæной. Æппæт ацы зæгъинæгтæ ирæттæн баззадысты гуырдзиаг сауджынтæй.

**Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта**
**ТОХСЫРТЫ Къоста**

(Кæрон. Райдайæн 2022 азы 3 мартъийы 36- æмæ 24 мартъийы 49-æм номырты)

# Цæгат Кавказ: цæмæй экономикон размæцыд ма фæкъуыхцы уа

**(Райдайæн 2 фарсыл)**

Уыимæ, Президенты минæвары ныхасмæ гæсгæ, фæстаг мæйы дæргъы нығуылæйнаг бæстæтæ Уæрæсейы ныхмæ цы экономикон гæрæнтæ расидтысты, уыдон домынц, цæмæй, куыд федералон центр, афтæ регионты æмвæзадыл дæр арæзт цæуой æвæстиат уæлæмхасæн мадзæлттæ промышленност æмæ иннæ къабæзты куыстадон хъомыс бахъахъхъæнынæн. Сæвзæргæ уавæр хынцгæйæ, федералон Хицауад уæлæмхасæн закъонæвæрынадон æмæ финансон æххуысæй зæрдæ æвæры регионтæн. Уыимæ, уыцы уæлæмхасæн финансон фæрæзты иу хай ныридæгæн æрвыст цæуы регионтæм. Хицаудзинады регионалон оргæнты сæйрагдæр хæс та ныртæккæ у уыцы фæрæзтæй хæдзардзинæй архайын, экономикæйы къабæзты хъомыс бахъахъхъæныны сæраппонд сæ раст спайда кæнын.

Дарддæр æмбырды раныхас кодта Максим Решетников. Экономикон рæзты министр йæ доклады сæйрагдæр æргом аздæхта Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты социалон-экономикон райрæзты программæтæм. Зындгонд куыд у, афтæмæй федералон ведомствæты специалистты æххуысæй ахæм программæтæ ивгъуыд азы арæзт æрцыдысты Цæгат Кавказы æппæт субъекттæн дæр. "Æмæ уыцы программæтæ дарддæр дæр сæ тыхы уыдзысты. Æрмæстдæр сæм, кæй зæгъын æй хъæуы, сæвзæргæ уавæрты бындурыл бахæссын хъæуддзæн ивддзинæдтæ æмæ уæлæфтуантæ. Æмткæй райсгæйæ та, программæты куыд фидаргонд æрцыд, афтæмæй сæйрагдæр æргом здæхт æрцæудзæн хъæууон хæдзарад, промышленност, туризм æмæ логистикæйы къабæзты райрæзтмæ", — фæбæрæг кодта Максим Решетников.

Дарддæр форумы раныхас кодтой æмæ бæлвырд фæндæттæ бахастой федералон ведомствæты бæрнон кусджытæ æмæ хицаудзинады регионалон оргæнты минæвæрттæ.

Уыцы бон ма Юрий Чайка сарæзта ноджыдæр иу уæрæх æмбырд Цæгат Кавказы федералон зылды регионты экономикон уавæры фарстаты фæдыл. Уыцы фембæлды архайджытæ комкоммæ æрныхас кодтой федералон зылды субъектты ахсджиагдæр инвестицион проекттæ æмæ райрæзты программæтæ æххæст кæныныл.

Æмбырды йæ раныхасы Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны Хицауад бæлвырд мадзæлттæ аразы, цæмæй нығуылæйнаг бæстæты экономикон гæрæнтæ æвзæрырдæм ма сахадой республикæйы цардыл. "Æппæт сæвзæргæ фарстатæм дæр йæ цæст дары сæрмагонд оперативон штаб. Уыимæ, уæлæмхасæн æргом здæхт цæуы хойраджы æргътæм", — загъта Дзанайы-фырт.

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар йæ раныхасы фæбæрæг кодта, республикæйы промышленнон куыстуæттæн сæвзæргæ уавæрты уæлæмхасæн финансон æххуыс лæвæрд кæй цæудзæн, уыцы æууæл дæр. Йæ хъусынгæнинагмæ гæсгæ, зæгъæм, Промышленносты райрæзты регионалон фонды бæрц ацы аз фæфылдæр кодтой 250 милуан сомы онг. Уыцы фæрæзтæ 5 азы онг æмгъуыдмæ лæвæрд цæудзысты куыстуæттæн æфстæутты хуызы. Республикæйы экономикæйы къабæзты хъомыс бахъахъхъæнынæн сфидар кæндзысты æндæр зæрдæдарæнтæ дæр.

Æмбырды кæронбæттæны Юрий Чайка куыд фæнысан кодта, афтæмæй паддзахад Цæгат Кавказы федералон зылды субъекттæн æппæт хъæугæ уæлæмхасæн æххуыс дæр афойнадыл кæндзæн.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæджы**
**æмæ Хицауады пресс-службæ**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Срастгæнинаг**

Паддзахадон исбоны уынаффæйады федералон агентады цæгатирыстойнаг территорион управлени хъусын кæны: 2022 азы 30 мартъийы рацæуæг №53 газет "Рæстдзинад"-ы мыхуыргонд Хъæдохты З.В. исбонæн базарад саразыны тыххæй хъусынгæнинаг ныммыхуыр кæнын æмбæлы мæнæ ахæм уагæй:

**7. Хъæдохты З.В. исбон, адрис: РЦИ-Алани, Дзæуджыхъæу, Инæлар Дзусы-фырты уынг, 19, фатер 109.**

**Лот №7** — цæрæнуат, КН 15:09:0030304:211, иумæйаг фæзуат — 67,9 кв.м. Лоты райдиан аргъ — 2125000 сомы. Цъынды — 106000 сомы. Аукционы къæпхæн — 22000 сомы.

Территориальное управление Федерального агентства по управлению государственным имуществом в РСО-Алания сообщает, что в информационном сообщении, опубликованном в газете "Растдзинад" от 30 марта 2022 г. № 53, информацию по проведению торгов по имуществу Кадоховой З.В. следует изложить в следующей редакции:

**7. Имущество Кадоховой З.В., расположенное по адресу: РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Ген. Дзусова, 19, кв. 109.**

**Лот № 7** — жилое помещение КН 15:09:0030304:211, общей площадью 67,9 кв.м. Начальная цена лота — 2 125 000 руб. Задаток — 106 000 руб. Шаг аукциона — 22 000 руб.

Номыры радгæс редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Салхъазанты Светланæ — 25-94-09, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3844.
Заказ № 329.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.
**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**